


Pa Prezidan
Thomas S. Monson



Pwomès presye Liv Mòmmon yo

Sa gen kèk ane, m te kanpe bò kabann yon jèn papa pandan li t ap lite ant lavi ak lanmò. Madanm ni plen detrès ak de pitit yo te kanpe tou pre. Li te pran men mwen epi, avèk yon rega sipliyan, li te di: “Evèk, mwen konnen m pral mouri. Di m kisa k ap rive lespri mwen lè m mouri.”

Mwen te fè yon priyè an silans pou jwenn gidans divin epi m te remake yon triptik sou tab bò kabann ni an. M te lonje men mwen pou pran liv la e m te vire paj yo. Toudenkou m te dekouvri ke, san m pa t menm reyalize, m te kanpe nan chapit 40 Alma a nan Liv Mòmmon an. M te li pawòl sa yo pou li:

“Reyèlman yon zanj te fè m konnen, sito lespri tout moun kite kò mòtèl sa a . . . lespri tout moun, menm si yo bon oubyen move, y ale lakay Bondye sa a ki te ba yo lavi a.

“Epi lè sa a . . . lespri moun ki jis yo antre nan yon lavi byenenerè ki rele paradi, yon lavi repo, yon lavi lapè, pou yo repoze apre tout pwoblèm yo, epi apre tout sousi ak lapenn yo” (Alma 40:11–12).

Pandan m t ap kontinye li sou Rezirèksyon an, yon limyè te parèt sou figi jenòm nan epi yon souri te parèt sou lèv li. Lè m t ap fini vizit mwen an, m te di bèl fanmi sa a orevwa.

Mwen te wè madanm nan ak timoun yo nan antèmman an nan apre. Mwen te repanse ak jou swa sa a kote yon jèn mesye te priye pou laverite, epi, nan Liv Mòmmon an, li te tandè repons pou kesyon l la.

Nan Liv Mòmmon an, nou jwenn lòt pwomès presye, ladan yo gen pwomès lapè, libète, ak benediksyon si nou “sèvi Bondye tè a, ki se Jezikri” (Etè 2:12).

Nan paj li yo nou jwenn pwomès “bonè ki p ap fini” pou “moun ki respekte kòmandman Bondye yo.” Gade, yo beni nan tout bagay, ni tanporèl ni espiryèl” (Mozya 2:41).

Nan paj li yo nou jwenn pwomès “lajwa san parèy” pou moun ki vin tounen “zouti nan men Bondye” pou mennen pitit fi ak pitit gason presye l yo ba li (Alma 28:8; 29:9).

Nan paj li yo nou jwenn pwomès ke Izrayèl dispèse a ap rasanble— yon travay kote nou angaje atravè gwo travay misyonè mondyal nou an (gade 3 Nefi 16; 21–22).

Nan paj li yo nou jwenn pwomès ke si nou priye Papa a nan non sakre Jezikri, fanmi nou ap beni (gade 3 Nefi 18:21).

Nan yon etid paj li yo nou jwenn akonplisman pwomès pwofesik ke “n ap vin gen nan lavi nou ak nan fwaye nou yon pi gwo kantite Lespri Senyè a, yon rezolisyon ranfòse pou mache nan obeyisans kòmandman l yo, ak yon temwayaj pi solid sou egzistans reyèl Pitit Gason Bondye a.”¹

E nan paj Liv Mòmmon yo nou jwenn pwomès Mowoni an ke atravè lapriyè, ak entansyon reyèl, ak lafwa nan Kris la, nou kapab konnen verite nan tout bagay “pa pouvwa Sentespri a” (gade Mowoni 10:4–5).

Avèk lòt pwofèt dènnye jou yo, mwen temwaye de verite liv sa a “liv ki pi kòrèk pase tout liv sou tè a”²

ki se Liv Mòmon an, yon lòt temwayaj konsènan Jezikri. Mesaj li ranpli tè a e pote pou moun ki li l yo yon kone-sans konsènan verite a. Se temwayaj mwen ke Liv Mòmon an chanje lavi. Se pou nou chak li li ak reli li. E se pou nou jwezman pataje temwayaj nou konsènan pwomès presye li fè tout pitit Bondye yo.

NÒT

1. Gordon B. Hinckley, "A Testimony Vibrant and True," *Liahona*, Aug. 2005, 6.
2. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 64.

ANSÈYMAN APATI MESAJ SA A

Nan ekriti yo, "nou jwenn prensip verite ki ap rezoud tout konfizyon ak tout pwoblèm ak tout kesyon kretyen vivan ap rankontre" (*Ansèyman, pa gen pi gwo apèl* [1999], 51). Lè w ap pataje mesaj Prezidan Monson nan avèk fanmi w ap vizite a, envite yo pou yo koute "pwomès presye" yo yo idantifye nan Liv Mòmon an. Ou gen dwa pataje yon pwomès ki te enpòtan pou ou nan Liv Mòmon an.



Si nou pa doute

Etidye materyèl sa a epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon pou ede ou fòtifike sè w ap vizite yo epi fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.

Nan Liv Mòmmon an nou li sou jènjan egzanplè ki te ekstrèmman vanyan, kouraje, ak solid. “Wi, yo te moun verite ak panse klè, paske yo te aprann yo pou yo respekte kòmandman Bondye yo epi pou yo mache dwat devan l” (Alma 53:21). Jènjan fidèl sa yo te rann manman yo—egzanp yo ak enstriktè yo omaj.

Manman gèrye Elaman yo te viv nan epòk ki pa twò diferan ak pa nou an. Sikonstans yo te difisil ak danjere, epi jèn yo te aple pou defann libète espirityèl ak fizik. Jodia n ap viv nan yon mond kote “se pa ak moun nou gen pou nou goumen, men, se ak movèzespri, ak chèf ak pouvwa, ak otorite k ap gouvène nan fènwa ki sou latè a, kont mechanste espirityèl nan lye trè wo yo” (Ephesians 6:12).

Tan difisil mande paran solid k ap bay egzanp, ki ap anseye verite gèrye Elaman yo te konnen an: “Si yo pa doute, Bondye ap delivre yo” (Alma 56:47). Anseye ak bay egzanp verite sa a jodia mande vijilans. Men, nou pa bezwen pè. Lè nou konnen kiyès nou ye ak kiyès Bondye ye e nou fè alyans avèk li, nou menm tou—menmjan ak manman gèrye sa yo—ap gen gwo enfluyans pou byen.

Siman, chak nan 2.600 gèrye Elaman yo te enfluyanse pa yon

manman. Men manman sa yo pa t aji poukont yo. Ansanm avèk lòt gason ak fi ki jis, manman sa yo dwe te ini lafwa yo ak egzanp yo pou yo te anseye puisans alyans yo. Jèn yo nan epòk la te konprann alyans paran yo te fè pou pa patisipe nan lagè ankò a. E menm lè sa te parèt enposib, yon Papa eman ki nan syèl la te founi yon mwayen pou paran sa yo te kenbe alyans yo—ak pou prezève libète yo (gade Alma 56:5–9) Nou menm tou nou dwe onore alyans nou yo pou timoun yo ak jèn yo—pwòp pitit pa nou yo ak sa ki nan pawas, branch, vwazinaj, ak kominote nou yo—kapab konprann ak pote sipò nan kenbe alyans yo.

Lè nou onore alyans nou yo, Papa nou ki nan syèl la kapab prepare mwayen pou nou. Nou dwe viv alyans nou yo avèk presizyon. Nou kapab, pa egzanp, gen presizyon nan priye, nan etidye ekriti yo, nan posede yon rekòmandasyon tanp valid, nan abiye modèsteman, nan onore Saba a. Si nou fè sa, pitit nou yo ap konnen e y ap kapab di” Nou pa doute; manman nou te konn sa” (Alma 56:48).

Fi Sen Dènnye Jou ki rekonèt ke fòs yo vini soti nan Ekspyasyon Senyè a pa lage sa nan tan difisil ak dekourajan. Antanke moun ki fè alyans, nou eksele nan elve, nourir, ak pwoteje timoun yo ak jèn yo pou

ke yon jou nou kapab di de jenerasyon k ap grandi a: “M pa t janm wè anpil kouraj konsa, non, menm nan pami tout Nefit yo” (Alma 56:45).

Julie B. Beck, prezidan jeneral Sosyete Sekou.

Apati ekriti yo

Alma 53; 56–58

Kisa m ka fè?

1. Kijan m ka ede sè m yo rekonèt ak itilize pouvwa yo genyen pou enfluyanse jenerasyon k ap grandi a.
2. Ki enspirasyon m ap jwenn nan Liv Mòmmon an pou reponn ak pwoblèm m ap rankontre jodia?

Pou plis infòmasyon, ale nan [www .reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).

